

DIGESTIVE MEDICINE ASSOCIATES, LLP

2140 West 68th Street, Suite 300, Hialeah, FL 33016 | 3133 Ponce de Leon Boulevard, Coral Gables, FL 33134
18044 N.W. 6th Street, Suite 102, Pembroke Pines, FL 33029 | 11410 North Kendall Drive, Suite 311, Miami, FL 33176
3650 NW 82nd Avenue, PH 506, Doral, FL 33166
Ph: 305-822-4107 Fax: 305-822-5086 | digestivemed.com

ENSTRIKSYON SUTAB POU KOLONOSKOPI

SENK (5) JOU ANVAN PWOSEDI A:

- Si w ap pran medikaman pou doulè ak atrit, pa egzanp: Advil, Motrin, Naproxen, oswa nenpòt lòt medikaman ki gen aspirin oswa antikoagulan tankou: , Coumadin, Pradaxa oswa Plavix, **SISPANN PRAN** yo senk (5) jou anvan pwosedè w la.

JOU ANVAN PWOSEDI A:

Rejim likid klè TOUT jounen an pou dejene, manje midi ak dine. Likid klè yo enkli: Ji pòm/rezen, Sprite, Gatorade, Bouyon poul, Jello (san koloran wouj) ak Te. PA **GEN MANJE SOLID!!**

1. A 7:00 PM. Louvri 1 boutèy 12 grenn.
2. Ranpli veso ki bay la ak 16 ons dlo (jiska liy lan). Vale YON grenn ak yon ti gout dlo chak 2 minit epi bwè tout kantite a pandan 20-25 minit. Si ou santi ou alèz, pran grenn yo ak dlo a pi dousman.
3. Apeprè 1 èdtan apre ou fin vale dènye grenn nan, ranpli veso ki bay la yon dezyèm fwa ak 16 ons dlo (jiska liy lan) epi bwè tout kantite a pandan 30 minit.
4. Apeprè 30 minit apre ou fin bwè dezyèm veso dlo a, ranpli veso ki bay la ak 16 ons dlo (jiska liy ki endike a) epi bwè tout kantite a pandan 30 minit.

NAN MATEN PWOSEDIS LA:

Omwen 5 a 8 èdtan anvan pwosedè a, repete etap 1-4 yo, lè l sèvi avèk dezyèm boutèy grenn yo. Ou dwe itilize tout grenn yo ak dlo a omwen 2 èdtan anvan pwosedè a. Sispann bwè **OKENN** likid 2 èdtan anvan pwosedè a.

- PA pran medikaman pou dyabèt la swa anvan oswa nan maten pwosedè a.
- Si w ap pran medikaman pou tansyon wo / ipètansyon, ou **TA DWE** kontinye pran yo jan w abitye fè sa ak yon ti gout dlo.